ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№46 (23.204) • 2016 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 16, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

ЕсэнтІыгу къалэм щытепсэлъыхьащ инвестицэ проект хэхахэм

КъБР-м и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий хэтащ къэрал дэІэпыкъуныгъэ зыгъэгъэтыну инвестицэ проектхэм трауху хэхуэсым

Инвестицэ проектхэр щыІэпІэхъараха зэІущІэм къриХьэлІащ Урысей Федерацэм Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхущхэмкіэ и министр Кузнецов Лев, Бизнес мыинымрэ курытымкіэ корпорацэм и генеральнэ директор Браверман Александр, «ОПОРА РОССИИ» зэгухьэныгъэм и президент Калинин Александр, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Мусуков Алий, Дагъыстэн Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Гамидов Абдусамад, Ингуш Республикэм и Правительствэм и Унафэщі Мальсагов Абубакар, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Ксенофонтовэ Евгение, Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Битаров Вячеслав, Шэшэн Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хакимов Хьэсэн, Ставрополь крайм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Мурга Андрей, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым и бизнес Іэнатіэм и лІыкІуэхэр.

ЗЭХЫХЬЭМ щаубзыхуащ бизнесым и Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ щІыналъэм зыщегъэжьыным хуэунэтІауэ зэщІыгъуу ялэжьынхэр, апхуэдэу Бизнес мыинымрэ курытымкІэ ассоциацэм и дэІэпыкъуныгъэ псом ялэу зэтын хуейуэ къалъытэ Іуэхущ1апІэхэр. Абыхэм я бжыгъэр 21-рэ мэхъу икІи а проектхэр щагъэзащІэ Къэбэрдей-Балъкъэр, Къэрэшей-Шэрджэс, Дагъыстэн, Осетие Ищхъэрэ - Алание, Шэшэн, Ингуш республикэхэм, Ставрополь краим.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхущхэмкіэ и министр Кузнецов Лев къыщыпсалъэм жиІащ бизнесым и Іуэхущ1апІэ мыинымрэ щІыналъэм и экономикэм и дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэу зэрыщытыр, абыхэм мыльку и процент 73-р зэрызэблагъэкІыр. Урысейр къапщтэмэ, абы а бжыгъэр ику иту процент 30 щыхъуу араща. Ауэ предприятэ мыинхэр тэмэму лэжьэныкІэ мыхьэнэшхуэ иІэщ къралым и дэІэпыкъуныгъэм икІи абы и лъэныкъуэкІэ зэхІыпІэ нэхъыщхьэ дыдэр 2025 гъэм нэсыху Кавказ Ищхъэрэм зегъэужьыным хуэунэтІа къэрал программэрщ. Абы ипкъ иткІэ псори зэхэту сом мелард 320-рэ хуэдиз къаІэрыхьэнущ.

Министрым къыхигъащ Бизнес мыинымрэ курытымкІэ ассоциацэм нэхъ быдэу пыщІауэ щытын зэрыхуейр икІи апхуэдэ зэдэлэжьэкІэм и щапхъэу нобэрей зэхьихьэр зэрыщытыр. Абы утыку къыщрахьа проектхэр Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм къыщыхахащ лъэныкъуэ псомкІи егупсысауэ икІи мэкъумэш хозяйствэр, промышленностыр нэхъ зыхуэныкъуэхэр къэлъытауэ.

Псалъэм папщІэ, корпорацэм щыгъуу «Тэрчналмэс» акционер зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызэтригъэувэнущ гъущІ лІэужьыгъуэ нэхъ быдэ дыдэхэм къыхащыкІ налмэс Іэмэпсымэ нэхъыфІхэр къыщІэгъэкІыныр. Апхуэдэу сутКІэ къэс нартыху тонни 150-рэ зыхуей хуэзыгъэзэн, абы щІэупщІэшхуэ зиІэ шхыныгъуэхэр къыхэзыщІыкІын завод Шэшэн Республикэм щаухуэнущ. Дагъыстэн Республикэм щащІынущ бдзэжьейм елэжь иджырей комбинат. Апхуэдэу а республикэм щаухуэну я мурадщ теплицэ комплекс ин, гипсым къыхэщІыкІа пкъыгъуэхэр къыщІэзыгъэкІ завод.

НэгъуэщІ къэралхэм къыщащэку продукцэр ягъэмэщІэн папщІэ алюминием елэжьын предприятэ Ингуш Республикэм щаухуэнущ. Апхуэдэу а щІыпІэм хьэрычэт Іуэхум и инфраструктурэ щызэтраГъэуВэнущ («Стройманкет» индустриальнэ парк), аквапарк щащІынущ.

Ставрополь краим щыІэ «Биоком» акционер зэгухьэныгъэ зэхуэщІамрэ «Вита» ООО-мрэ иджыпсту къагъэсэбэп оборудованэр щІэкІэ зэрахьэкІынущ икІи абы и хьэжькІэ щІэупщІэшхуэ зиІэ хущхъуэ лІэужьыгъуэхэр къыщІагъэкІыу хуежьэзнущ. Осетие Ищхъэрэ - Алание Республикэм щыІэ «Осетием и курортхэр» зэгухьэныгъэм и мурадщ гу узхэм щеІэзэ санаторэ комплексышхуэ зэтригъэувэну.

Зэхьихьэм къыщыхаха проектхэм яхэтщ ухуэныгъэм ирахьэлІэ материалхэр, мэкъумэш продукцэ къыщІэгъэкІыным, рекреацэ комплексым зегъэужьыным теухуахэр. Спискэм иратха проектхэр гъэзэщІа хъун папщІэ Бизнес мыинымрэ курытымкІэ корпорацэр ядэІэпыкъуфынущ, апхуэдэу ахэр хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэм кредитхэр нэхъ пуду зэрырат программэхэм хигъэхьофынущ. А программэм ипкъ иткІэ сом мелард 20-м щІигъу къыщІэщІагъэуІуэфыну, предприятэхэм я нэхъ мащІэ дыдэу сом мелларди 10 хуэдизкІэ зыщІагъэкъуэфыну къалъытэ. Зэдэлэжьэныгъэм и унэтІыныгъэ псоми ятеухуауэ зэгурыІуэныгъэхэр ягъэхьэзыращ икІи абыхэм Іэ щІадзащ Бизнес мыинымрэ курытымкІэ корпорацэмрэ Кавказ Ищхъэрэм и субъектхэм я лІыкІуэхэмрэ.

«Дэдикъалэнэхъыщхьэр а зэгурыІуэныгъэхэр нэгъэсауэ гъэзэщІэнырщ икІи ар и лъабжьэу Іэнатіэ мыинхэм псынщІуэу заужьынырщ къыззгъэпэщынырщ. Къару зэхэлъкІэ дэ зэтедгъэувэфынущ хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэм защІэгъэкъуэныр щІэзыгъэпсынщІэн, зэрыщыту щІыналъэм и экономикэр ялэкІэ зыгъэкІуэтэн инфраструктурэ», - жиІащ Браверман Александр.

«ОПОРА РОССИИ» зэгухьэныгъэм и президент Калинин Александр къызэхуэсахэм гу лъаригъэтащ технологие лъагэхэр зи лъабжьэ Іэнатіэхэр къыззгъэпэщынымкІэ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым Іэмалыдіхэр зэрыщыІэм. Кавказ Ищхъэрэм и субъектхэр инвестицэхэр къызэщІэзыуІуэнымкІэ гугъуехь пыхьыкІахэм хэтми, а псори къызэранэкІыфынущ, атІэми мы щІыналъэм зегъэужьынымкІэ министерствэр хэхауэ егугъунущ хьэрычэт Іэнатіэ мыинхэм я зэфІэкІым хагъэхъуэным. Калинин Александр абы и лъэныкъуэкІэ къыхигъэщхьэхуэкІащ хьэрычэт Іэнатіэ мыинымрэ курытымрэ къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ зыхуеину хабзэ мардэ псори Урысей Федерацэм и Правительствэм зэрызэтригъэувар.

УФ-м Кавказ Ищхъэрэм и Іуэхущхэмкіэ и министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Гулъытэ нэхъыщхьэр хабзэр хъумэным хуаунэтІ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Меликов Сергей иджыблагъэ иригъэкІуэкІащ ШынагъуэншагъэмкІэ, коррупцэм пэщІэтыныкІэ, хабзэм округым щыІэ Іуэхущхэм я унафэщІ Ченчик Сергей, УФ-м и Генеральнэ прокурорым и къуэдзэ Сыдорук Иван, УФ-м Следствэмкіэ и комитетым и унафэщым и къуэдзэ Карнаухов Борис, округым и субъектхэм я гъэзэщІакІуэ органхэм я кІуалыкъуІэхэу хабзэхьумэ, кІэлъплъакІуэ Іэнатіэхэм ядэлэжьынэр кІуэзэрагъэпэщыну зи пщэ илъхэр, апхуэдэу щІыналъэхэм террорым пэщІэтыныкІэ я комиссэхэм я аппаратхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэр къыщыдзэІуихым Меликов Сергей къызэхуэсахэм ягу къиГъэкІыжащ иджыблагъэ Шэшэн Республикэм Ингуш Республикэмрэ я зэпыльпІэм кІуэщхьэхуэ хабзэншагъэр - журналистхэм щІыхуэхэм я хуитынныгъэхэр хъумэным къыщхьэщыжкІэрэ зэрыс автомашинэм зэкІэ хэтми ямыубзыхуэ щІыхуэхэр зэрытеуар. Полномочнэ лІыкІуэм жиІащ а хабзэншагъэр зэрызэхагъэкІым езыр и щхьэкІэ зэрыкІэлъплъыр икІи хабзэхъумэ органхэм я унафэщІхэм къалэн пыухыкІахэр зэрахуигъэувар, апхуэдэ къуаншагъэр зэхэзыщІыхьахэр икІэщІыпІэкІэ къагъуэту жэуапым зэрырашэлІэнум шэч къыззрытримыхьэр.

Хэхауэ зэІущІэм щыхэплъащ Кавказ Ищхъэрэм щыщ щІыхуэхэр нэгъуэщІ къэралхэм щекІуэкІ террорист щІэпхъаджагъэхэм хэтын папщІэ Урысей Федерацэм имыкІыу зэрызэтраІыгъэнум, ахэр Іэщэкіэ зэщІэузэда бзаджащІэ гупхэм дамыхьэхынымкІэ зэфІагъэкІын хуейхэм. Къапщтэмэ, Меликов Сергей зэрыжиІамкІэ, апхуэдэ къалэнхэр гъэзэщІэным хуэунэтІа лэжьыгъэшхуэ иджыпсту гъэзэщІакІуэ властым и органхэмрэ хабзэхъумэ Іэнатіэхэмрэ ирагъэкІуэкІ, ауэ Іуэхум и пэжыпІэм къызэригъэльагъуэмкІэ, ИГИЛ-м хьихьу Сириемрэ Ираакымрэ щызэуэн папщІэ ди щІыналъэм икІэр иджыри щыІэщ.

«ИпэжыпІэкІэ жысІэнщи, терроризмэм и шынагъуэр къэгъэтІэсхъэнырщ ди дежкІэ къалэн нэхъыщхьэ дыдэу щытыр. Сэ шэч къытесхьэрэкъым уполномоченнэ орган псоми я лэжьыгъэр нэгъэсауэ зэрызэрагъэуІунум икІи абы и фІыщІэкІэ дэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ хабзэм ткІийуэ тетынымрэ къызэрызэдгъэпэщынум», - жиІащ полномочнэ лІыкІуэм.

Псалъэмакъ щхьэхуэ зэІущІэм щрагъэкІуэкІащ 2014 - 2015 гъэхэм коррупцэм пэщІэтыныкІэ лъэпкъ планыр, УФ-м и Президентым 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 11-м кьыдигъэкІа Указ №226-мкІэ къыщтар, гъэзэщІэным хуагъэзауэ къэрал властым и органхэм, щІыпІэ унафэр зезыгъэкІуэ органхэм, хабзэхъумэ Іэнатіэхэм зэфІагъэкІахэм. А планым тету округым куэд щалэжьащ къэрал къулыкъущІхэм, зэрыщыту ди жылагъуэм коррупцэм пыщІа Іуэхуэр къалъыкъуэмыкІыным хуагъэзауэ. Президентым и полномочнэ лІыкІуэм къызэриІутэмкІэ, коррупцэм тКІийуэ дыщыпэщІэтыфынур дэтхэнэ къэрал Іуэхущ1апІэми абы и лъэныкъуэкІэ къыбгъэдэхуэ къалэнхэр къыгурыІуэрэ, хуэзфІэкІ псори илэжьу хуэежьэмэщ.

«Шэч лъэпкъ хэлъхъым къэрал къулыкъущІхэхэм я хэхъуэхэмрэ хэщІхэмрэ ятеухуауэ къат бжыгъэхэр зэпымыууэ зэпэльытын зэрыхуейм, ауэ абы къыдэкІуэу стратегие мыхьэнэ иІэщ бюджет мыльку къызэрагъэсэбэпым, щІыр зэрызэрахьэмрэ зэрызэблагъэкІымрэ, къэралыр зыхуейхэр къызэращІэу щІыкІэм кІэлъыплъыным», - къыхигъэщхьэхукІащ абы.

ЗэІущІэм и кІэухым Урысей Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым щыІэ Меликов Сергей хабзэхъумэ органхэм я унафэщІхэмрэ абыхэм щылажьэхэмрэ фІыщІэ яхуищІащ ди щІыналъэм граждан зэгурыІуэныгъэр щыгъэбыдэным, законымрэ хабзэмрэ щытетым хуэгъэзауэ куэд зэрызэфІагъэкІым папщІэ.

КРАПИВИНЭ Викторие.

ЦІыхубз гуащІафІэр ягъэлъэпІащ

Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым илъэс куэдкІэ щылэжьа Хасмидиновэ Іэминат илъэс 90 зэрыриКъумкІэ къехъуэхъуащ Урысей Федерацэм и Президентымрэ КъБР-м и Іэтащхьэмрэ. Абыхэм къабгъэдэкІ телеграммэхэр зи юбилейр зыгъэлъапІэ щІыхубзым иратыжащ Тырныауз къалэм и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэм и къалэнхэр зыгъэзащІэ Кулиев Радик, къалэм и ЖЭК №2-м и унафэщІ Джаппуевэ Зульфия сымэ икІи абы узынщагъэ быдэ, насыпиІэну ехъуэхъуащ.

ВЕТЕРАН щІэрыІуэмэ УФ-м и Президент Путин Владимир, КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий, районым и унафэщІхэм фІыщІэ яхуищІащ гупыитэ къыззрыхуащІым, сыт и лъэныкъуэкІи къыззрыдэІэпыкъум, нэхъыжьхэм я Іуэхур зэрыдгъэкІыным и я нэІэ зэрытрагъэтым папщІэ.

Хасмидиновэ Іэминат зэрысабий лъандэрэ зэи Іуэхуншэ хъуакъым. Илъэс 18 ирикъуа нэужь ар фІэмыщІ къыщащІахыу Былым къуажэм дэта рудниким вагонеткэхэр Іэкіэ къыщІришэкІыу лэжьэн щыщІдзащ. Иужькіэ илъэс 60-м щІигъукІэ Тырныауз вольфрам-молибден комбинатым и лэжьакІуэу щытащ. Абы фІыщІэ тхылъхэр, медалхэр, нэгъуэщІ дамыгъэ лъапІэхэр куэду иІащ. Мыщ1алэжьми, нобэми зыми щымыгугъыу унагъуэр зэрехьэ, бззэрым макІуэ, мэпщафІэ, хьэщІэкІэ фІыщ. Апхуэдэу Іэминат дунейм, къэралым щекІуэкІхэми кІэлъоплъ.

ТАРИМ Алисэ.

Донецкрэ Луганскрэ ядоІэпыкъу

КПРФ-м и Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ къудамэм и комитетым гъатхэпэм и 14-м гъэзу тригъэуващ Украинэм щыщ Донецкрэ Луганскрэ щыпсэухэм папщІэ хьэпшыпхэмрэ ерыскъыпхъэхэмрэ зэрылъ автомашинэр. Зауэм зэкиКъута хозяйствэр зэтрагъэуВэжьыну къызыпэщыт щІыналъэхэм апхуэдэу хурагъашэ гибрид нартыху жылапхъэу щІы гектар 300-м ирикъун. Ар Украинэм и мэкъумэшыщІэхэм яхуихащ «Гибрид СК» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам.

Къэбэрдей-Балъкъэрыр Кърымым щІыгъущ!

Кърымыр Урысеймкъызэрыхьыхьэжрэ илъэситІ зэрырикъум теухуауэ гъатхэпэм и 18-м Налшык Абхъазым и утым щрагъэкІуэкІынущ «Дэ дызэщІыгъущ!» зыфІаща концертымрэ пэкІымрэ.

АБЫ КЪРИХЬЭЛІЭНУЩ республикэм и къалэхэмрэ къуажэхэмрэ щыпсэухэр, лэжьакІуэ гупхэм я лІыкІуэхэр, гъуазджэм и лэжьакІуэ цІэрыІуэхэр.

2014 гъэм и гъатхэпэ мазэм ирагъэкІуэкІа референдумым ипкъ иткІэ Кърымымрэ Севастополь къалэмрэ Урысеймкъыхьыхьажащ. Урысей Федерацэм хэтыну зэрыхуейм теухуауэ процент 97-м Іэ яІэтащ.

2014 гъэм и гъатхэпэ мазэм ирагъэкІуэкІа референдумым ипкъ иткІэ Кърымымрэ Севастополь къалэмрэ Урысеймкъыхьыхьажащ. Урысей Федерацэм хэтыну зэрыхуейм теухуауэ процент 97-м Іэ яІэтащ.

Къалэн щащІахэр ягъэзэщІауэ

УФ-м и Дзэ-Хьэуа Къарухэр Сириеи къыщыжьыным теухуа унафэ къыщІащ Урысейм и Президент, къэралыдзэхэм я Унафэщі Нэхъыщхьэ Путин Владимир.

УФ-м нэгъуэщІ къэрал Іуэхущхэмкіэ и министр Лавров Сергейрэ зыхъумэжьныгъэмкіэ и министр Шойгу Сергейрэ щІэупщІам Путин Владимир жиІащ ди кхъухьлъатэхэр Сирие Хьэрыл Республикэм щагъакІуэм абыхэм щащІа къалэнхэр зэрагъэзэщІар икІи ахэр а щІыпІэм къишыжьыным теуха унафэм лъабжьэ хуэхъуари араща.

УФ-м и дзэхэр а къэралым мазитхукІэ зэрыщыІам, «Исльам къэралыгъуэ» зыфІэзыщыжа террорист зэгухьэныгъэм удынышхуэ зэрырадзам къыхэкІыу Сириеи щыІэ щытыкІэм хэпщІыкІыу зихъуэжащ, къыхигъэщащ Путиным.

Урысейм и кхъухьлъатэхэм ящыщ гупитІ Хмеймим авиабазэм дыгъуасэ къикІыжащ. УФ-м Зыхъумэжьныгъэмкіэ и министерствэм зэрыщыжаІамкІэ, Сириеи къинэнущ зауэр гъэувыІэным теухуауэ зэрызэгурыІуэхэр зэрагъэзащІэмрэ абы щыІэ щытыкІэмрэ кІэлъыплъыну дзэ гупыр.

Еврэ мелуаницым нэблагъэ

Эстониеи финансхэмкІэ и министерствэм къэралым и правительствэм хуигъэхащ Іэмалынщагъэм ирихулІэу зи хэку зыбгынауэ Тыркум щыІэхэм мылькукІэ защІэгъэкъуэным теухуа унафэм и проектыр.

А унафэм къыщыгъэлъэгъуащ Европэ зэгухьэныгъэ - Тырку европэпсо программэр гъэзэщІэным Эстониеи хилъхьэн хуейр зыхуэдизыр.

«ЕС-м Тыркум зэрызыщІигъэкъуэну и мурад еврэ мелардищым щыщу мелардитІыр Европэ зэгухьэныгъэм и фондым къыхахынущ, адрей зыр абы хьихьэ къэралхэм трагуэшащи, дэтхэнэми хуагъэувам хуэдиз къатын хуейуэ араща. Эстониеи абы хилъхьэну къытохуэ еврэ мелуани 2,8-рэ, - щыжеІэ министерствэм и пресс-Іуэхущ1апІэм зэбригъэха тхыгъэм. - Тыркум иратыну еврэ мелардищыр абы Іэпхъуэхэм лэжьапІэ Іэнатіэ яІэнымкІэ, еджэнымкІэ, медицинэ дэІэпыкъуныгъэ ягъуэтыныкІэ, кІэщІу жыпІэмэ, зыхуей-зыхуэфІхэмкІэ къыззгъэпэщынымкІэ шэсыпІэу араща».

Фигу къэдгъэкІыжьынщи, абы иращІыпІа зэгурыІуэныгъэм къызэрыщыгъэпэгъуамкІэ, Европэм и къэралхэм дэфтэр ямыІыгъуу кІуахэр Тыркум «зэщІикъуэжьын» хуейщ. ЕС-м хьихьэ къэралхэм апхуэдэ щІыкІэкІэ ирашыж дэтхэнэ зы щІыхум и пІэкІэ Европэм щхьэгъэзэпІэ щигъуэтынкІэ зыгъэкІуэтэн зи хэкур зыбгына зы щІыхум. Псалъэм папщІэ, Сириеи щыщ зы щІыху ирагъэхьэнущ, зауэ щемыкІуэкІ къэралым иІэпхъуКІыу хабзэншагъэкІэ Европэм и гъунапкъэр зэпызыупщІар кърагъэкІыжьынурэ.



♦**Урысейм Къэрал кІуэцІ Іуэхуэхэмкіэ и министерствэм экономикэ щынагъуэншагъэмкіэ и Іэнатіэхэр къыщыззрагъэпэща махуэщ**

♦**1870 гъэм** Урысейм щыяпэу Новгород Ищхъэрэ къалэм щыщ Сормовэ районым щаутІыпщащ гъущІ щагъавэ хьэжу.

♦**1895 гъэм** Москва трамвай зрикІуэн ялэ гъуэгур ухуэн щыщІадзащ.

♦**1936 гъэм** Горький автозаводым ящ автомобиль псынщІэр - «М-1»-р - къыщІигъэкІащ.

♦**2014 гъэм** Кърымым референдум щекІуэкІащ, хьтІыгуныкъуэмрэ Севастополь къалэмрэ я унафэр ящыным теухуауэ. Хэхы-пІэхэм а махуэм екІуэлІащ а щІыналъэм щыпсэухэм я процент 80-р.

♦Урыс физик, электротехник цІэрыІуэ, радиор къэзыгупсысахэм ящыщ **Попов Александр** къызэралъхурэ илъэси 157-рэ ирокъу.

♦Урыс тхакІуэ-фантаст, «Голова профессора Доуэля», «Человек-амфибия», нэгъуэщІ роман цІэрыІуэхэр зи Іэдакъэщ1экІ **Беляев Александр** къызэралъхурэ илъэси 132-рэ ирокъу.

♦Урысей актёр цІэрыІуэ, режиссёр, тхакІуэ, РСФСР-м и цІыхубэ артист **Юрский** (и адэм и унэцІэ дыдэр **Жихаревщ) Сергей** и ныбжьыр илъэс 81-рэ ирокъу.

♦УФ-м, КъБР-м, КъШР-м, АР-м, Дагъыстаным я цІыхубэ дохутыр, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩІДАА-м и академик **Лий Адэлджэрий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэрытымкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градус 1 - 2, жэщым щІыІэр градуси 5 – 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

НабдзэхэкІэр гухэмыкІыжщ.

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я Іэухэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр и 8-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іэухэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ, 6-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я Іэухэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 8-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іэухэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ, 6-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым хэщІэн.

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм хуегъэхьын, Іэ щІидзын икІи цІыхухэр щыгъуэз ищІын папщІэ.

3. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщі ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2016 гъэм щІышылэм и 28-м
№421-П-П

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я Іэухэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 8-нэ статьям, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іэухэкіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 4-нэ , 6-нэ статьяхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым къыщтащ
2016 гъэм щІышылэм и 28-м

1 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал къулыкъухэм я Іэухэкіэ» 2008 гъэм мэкъуауэгъуэм и 20-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №32-РЗ-м и 8-нэ статьям и пункт 5-м хэт «,акцэхэр» псалъэр хэгъэкІын.

2 статья

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и статусым и Іэухэкіэ» 2015 гъэм бадзэуэгъуэм и 15-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №30-РЗ-м мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

1. 4-нэ статьям и Іыхьэ 1-м 9-1-нэ пункт дэщІыгъуэкин, мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«9-1) езым и хэхъуэхэм, хэщІхэм, мылъкум, мылъкум пыщІауэ зыхуигъэувыжа кьалэнхэм, и щхьэгъусэм, балигъ мыхъуа и бынхэм я хэхъуэхэм, хэщІхэм, мылъкум, мылъкум пыщІауэ зыхуагъэувыжа кьалэнхэм ятеухуа хуябарыр зэримытым е ирикъуу зэримытым;».

2. 6-нэ статьям:

1) Іыхьэ 7-м хэт «ирет» псалъэр «иритыну и кьалэнщ» жиІэу зэхъуэкІын;

2) Іыхьэ 7-1 дэщІыгъуэм, мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу иту:

«7-1. Зыхуэфащэ щхьэусыгъуэхэр щыщІэм и дежь депутатым и кьалэнщ и полномочиехэр щигъэзащІэм езым и фейдэ зыхэлъ Іэухэхэр къызэрыкъуэкІам икІи абы зэныкъуэкъуэхэм къыщэнкІэ зэрэхъуным теухуауэ, федеральнэ законым ипкъ иткІэ Парламентым игъэуа хабзэм тету, мы статьям и Іыхьэ 7-м къыщыгъэлъэгуэ комиссэм хьыбар иригъэщІэну икІи зэныкъуэкъуэхэр къэмыхъун папщІэ зыхуэфащэ Іэухэхэр зэфІигъэкІыну,».

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм мазаем и 15-м
№4-РЗ

ЗэфІагъэкІахэм щыхоплъэ, лэжьыпхъэхэр щагъэбелджылы

Къэбэрдей-Балъкъэрым Ветеринариемкіэ и управленэм и коллегием и зэпещІэ гъатхэпэм и 4-м зэхэтащ. Абы щызэпкърахащ республикэм и къэрал ветеринар Іэухэщ Іаніэм нэгъабэ зэфІигъэкІакъэр, апхуэдэу мы гъэм нэхъыщхьэу кьапэщытхэр щагъэбелджылащ.

● Коллегиехэр

Сурэтыр **Елъкъан Артур** *трихащ.*

ІЭНАТІЭМ и унафэщІ Щыхьмырзэ Мухьэмэд и докладым къызэрыщигъэлъэгуэмкІэ, гъэ кІуам и пэщІэдзэм къызэрагъэпэща управленэр КЪБР-м и гъэзэщІакІуэ властым и кІудамэщ. И кьалэн нэхъыщхьэр ветеринарие и лъэныкъуэкІэ республикэм и къэрал политикэр пхыгъэкІыныгъ, абы ехьэлІауэ Урысей Федерацэм и полномочиеу Къэбэрдей-Балъкъэрым кьратахэр гъэзэщІэныгъ, апхуэдэу щІыналъэм ерыскъыпхъэ шынагъуэншагъэр щызэкІэлъыгъэкІуэныгъ. Іэухэщ Іаніэм кІудамиплІ хохьэ. Апхуэдэщ зэ зэрыцІалэхэм щызыхъумэ Іэухэгъуэхэр зэрагъэзащІэм, лабораторэ диагностикэр зэрекІуэкІым, продукцэхэм и шынагъуэншагъэр кьызэрызэрагъэпэщым кІэлъыплъхэр, щІыпІэхэм я къэрал ветеринар инспекторхэм я хэщІапІэхэр. Абыхэм я кьалэн нэхъыщхьэщ:

- ЦІыхухэми псэущхьэхэми я зэхуэдэ зыгуфэхэм республикэм и цІыхухэр щахъумэну;

- Іэщхэм къеуалэ узэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэм кърамыгъэхьэну;

- Іэщхэкі, мэкъумэшхэкі продукцэхэм я шынагъуэншагъэр къызэрагъэпэщыну;

- ветеринар кІэлъыплъныныгъэр ирагъэкІуэкІыну.

- Псэущхьэхэм кьайуалІэ уз зэрыцІалэхэм я эпизоотикэ щытыкІэр республикэм щегъэфІакІуэным хуэунэтІауэ нэгъабэ ди Іэухэщ Іаніэм лэжьыгъэшхэр зэфІигъэкІащ. Зэрыдудзыхуам теты, Іэщыхьхэу 689051-м, мэлрэ бжэну 51365-м, кхъуэуэ 6691-м, шыуэ 20553-м, джэдкъазу 15885-м, бжьыуэ 10500-м я щытыкІэр къэтпщытащ, Іэщыш-хуэхэм уэхэм зэрапэщІэт мастэу 1371401-рэ, мэлхэмрэ бжэнхэмрэ - 998151-рэ, кхъуэхэм - 434841-рэ, шыхэм - 17010-рэ, хьэхэм - 73431-рэ, тхьэкІумэкІыхьхэм - 32607-рэ, джэдкъазхэм 28351402-рэ хэтлъхьащ. Бруцеллёзым, хьэщхьэрыІуэм, кхъуэм кьыпкърыкІ емынэ узым, нэгъуэщІ уз зэрыцІалэхэм дазэрыпэщІэтыр едгъэфІэкІуэн мурадкІэ, «Ветеринар медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центр» къэрал кІэзонэ Іэухэщ Іаніэм дезинфекцэмкІэ кьудамэ къыщызэдгъэ-пэщащ. Абы егъэбыдыпІащ дезинфекцэ зэращІ ДУК-у тІурэ «Ужигрин» ягъэІэпхъэуэ Іэмэпсымищэ. Лэжьэн зэрыщІадзэрэ метр зэбгъуэнатІэ мин 27-м щІигъу зубыд псэуалъэу 89-рэ я кьудамэм и Іэщ-ІапІэхэм дезинфекцэ ящІащ.

Нэгъабэ и щІышылэм щыІпІэ 14-м бруцеллез къыщыдгъуэтащ. Абыхэм Іэщышхъуэу 8608-рэ щаІыгъ, 538-м а узыр япкъ-рыт. ЩІыпІи 9-р зыхуэй хуэдгъэзащ, адрейхэм лэжьыгъэм щыпащэ. КъыщынэмыщІауэ, Шэрэдж, Іэащхьэмахуэ районхэм щыщ щІыпІитІым кхъуэм кьеуалІэ африкэ емынэ узыр, республикэм и нэгъуэщІ щІыпІэ 14-м хьэщхьэрыІуэ узыр щыдгъэкІуэдащ. Илъэс тІощІкІэ зэпыуауэ щыта Іуэхур кьэдублэжауэ, гъэмахуэ хьупІэхэм я ветеринар-санитар щытыкІэр кьыдопщытэ, дыкІэлъыкІыпІауэ зы былым Къущхьэхъум дгъакІуэркъым, абыкІэ хуит зыщІ тхьилъи 114-рэ нэгъабэ яхуэттхащ. Ветеринар законодательствэм къызэригъэувым хуэдэу, Бахьсэн, Прохладнэ районхэм былымыр зэрыпсэууэ щащэ я бззэрхэм я лэжьыгъэм хабзэ хэтлъхьащ, - къыхигъэщащ кьэпсэльам. - Кьэпщытэныгъэ-кІэлъыплъныныгъэ Іэухугъуэу 136-рэ едгъэкІуэкІати, ныкъуасанигъэу 119-рэ къэтхутащ, кьуаншэхэм кьъуды ятетлъхьащ. Нэхъапэм ди кьэралым щымыІауэ, иджы къэунэхуа нодуляр дерматит уз зэрыщІалэр ди республикэм кьэдгъэсакъым. Урысейм Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм 2014 гъэм мэкъуауэгъуэм и 17-м кьыдигъэкІа унафэ №281-р дгъэзащІэу, ветеринар тхылъэр электрон Іэмалкіэ гъэхъэзырыр щІэздзащ. Ди Іэщ Іагъэлі 152-рэ а Іуэхум хуедгъэджащ. Республикэ бюджетым и къэкъкІэ, электрон ветеринар сертификацэм и программмэ - аппарат комплекс къэтщэхунущ. А Іуэхум ком меліуани 4,1-рэ хухахащ. Тхылъ псори а щІыкІэм тету зэрагъэхьэзыр Іэмалым 2017 гъэм щІышылэм и 1-м щегъэжьауэ дыхуэкІуэнщ. ЕдгъэкІуэкІ лэжьыгъэхэм я фІыгъэкІэ, эпизоотикэ зэІуэзэпэщІыныгъэ и лъэныкъуэкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр Урысей Федерацэм и Ипщэ щІыналъэхэм щІынэхъыфІхэм ящІущ кьалъытащ. Республикэ ветеринар диагностикэ лабораторэр зэрыхэщІапІэнщэр нэхъ дызыгъэпІейтейхэм ящІущ. Мэкъумэш университетым и унэм пІалъэкІэ щІалажьэми, и кьалэнхэм тэмэму зэрыхуэмыщІам Іэпэощхьэпо куэд кьиушэрт. КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Юрий къызэрыддэІэпыкъуам и фІыгъэкІэ, иджы щытыкІэм зехъуэж - Май кьалэм щыІэ лабораторэ-диагностикэ комплексыр (санэпидемстанцу щытам и унэр) ди ветеринар Іэнатіэм я щытыкІэр кьапщытащ. ныкъуасанигъэу 119-рэ кьаухутащ, кьупыкъущІи 7, щхьэзакъуэрылажьэ хьэрычэтыщІэу, цІыху щхьэхуэу 112-рэ административнэ жэуапым ирашэлІащ. Апхуэдэу Прохладнэ, Май, Бахьсэн, Аруан щІыналъэхэм кхъуэ щызыІыгъ уней под-собнэ хозяйствэхэм ветеринар-санитар хабзэхэр зэрыщагъэзащІэм кІэлъыплъащ, африкэ емынэ узыр къызэрахутэ щІыкІэм, ар ягъэкІуэдын папщІэ икІэщІыпІэкІэ лэжьыпхъэхэм хэзыгъэгъуазэ тхылъхэр хуагуэшащ, район газетхэм тхыгъэ 47-рэ къытрагъэдзащ, биологие кІэрыхубжьэ-рыхуэхэр зэхъуэхьэсыным, зыхуей хуэгъэзэным, гъэкІуэдыным теухуа ветеринар-санитар хабзэхэм зэрагъэувхэр щыпІэ унафэщІхэм ягу кьагъэкІыжащ. Управлением и кьудамэхэм я Іэщ Іагъэлі эр, ветеринариемкІэ щІыналъэ центрхэм я унафэщІхэр зыхэт комиссэр щытыкІэр зыхуэдэм зэпы-мыууэ кІэлъоплъ.

«Ветеринар медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центр» ГКУ-м и Іэтащхьэ Иуан Аскэрбий къызэригъэлъэгъуамкІэ, нэгъабэ кьэпэщыта Іэухугъуэ псори и чэзум зэфІагъэкІащ. Кьэпщтэмэ, Іэщышхуэу мин 254,5-м, кхъуэрэ бжэну мин 336,4-м Іуейм, Іэщышхуэу мин 301,3-м, мэлрэ бжэну мин 402,3-м, кхъуэуэ мини 6,4-м сыбыр язвэм ящызыхъумэ мастэхэр халъхьащ. Іэщу мин 206,3-м я узынщагъэр кьапщытати, 538-м бруцеллёз япкърыту кьахутащ, щхьэхуэу зыкІэлъплъа былым мини 193,6-м жьэн уз зиІэ кьахэкІакъым.

«Токъмакъ», «Мэкъуауэ», «Дзэмыхь» КФХ-хэм, «НэкІащэ», «ГъущІо» щхьэзакъуэ хьэрычэтыщІэхэм я хьушэхэм, Сэрмакъ, Булунгу, Урыху, Красносельскэ кьуажэхэм бруцеллёзым щеІэзащ, Іэщ сымаджэхэр щагъэхъужащ. НэгъуэщІ щІыпІэхэми а лэжьыгъэм жыджэру щыпащэ.

Зэрауб зыхуам тету, зэІуэщІэм щедэІуащ «Ветеринар медицинэм и Къэбэрдей-Балъкъэр центр» ГКУ-м ветеринар медицинэмрэ ерыскъы щынагъуэншагъэмкІэ и республикэ лабораторэм иригъэкІуэкІа патологоанатомие, органолептикэ, микроскопие, бактериологие, вирусологие, биологие, ИФА, серологие, гематологие, копрологие, химие, биохимие кхъуэтэныгъэхэм, республикэм и бззэрхэм щащэ быламыл лІэужьыгъуэхэр, унагъуэ джэдкъазылыр, бдзэжьейхэр, нэгъуэщІ ерыскъыкІэкІэр къызэрапщытам Іэрикіуэхэм теухуауэ я Іэнатіэм и унафэщІ Бекъан Мусэ жиІахэм. Абыхэм арэзы техъуэри, Щыхьмырзэ Мухьэмэд зэхуэсахэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

КЪБР-м щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ и министр Битиев Хьэкимрэ мэкъумэш хозяйствэмкІэ министрым и кьуэдзэ Малкаров Асльэнрэ кьагъэлъэгъуащ илъэс и пэкІэ къызэрагъэпэща ветеринар управленэр зэман кІэщІым кьриубыдэу куэдым зэрыхунэсар икІи нэхъ гъэхуауэ зэдзлэжьэн папщІэ, лэжьыпхъэу кьалъытэхэр ягъэбелджылащ.

Зэ Іущ Іэм щызэгурыІуащ къыхалъхьа Іэухугъуэхэмрэ чэнджэщхэмрэ зэхуагъэкІуэу коллегием и унафэм хагъэхьэну.

ХЬЭЖЫКЪАРЭ Алик.

● Абы дегъэпІейтей

Фейдэра нэхъыщхьэр?

Школхэм пэгунэгъуу щыт тыкуэнхэм фадэ щащэну зэрыхуимытым теухауэ щыІэ унафэр къутэжьын хуейуэ УФ-м Промышленностымрэ сату Іэухуэмкіэ и министер-ствэм къызэрыхилъхьам зэдауэшхуэ кьиушащ. Ар ядэркъым Узыншагъэмкіэ министерствэми, Жылагъуэ щІыхубэ фронтми, Роспотребнадзорми.

КъБР-м и Жылагъуэ щІыхубэ фронтым хэтхэр игъэпІейтейащ УФ-м Промышленностымрэ сату Іэухуэмкіэ и министерствэм къыхилъхьа жэрдэмым. Щ Іыхубэ фронтым хэтхэм кьалъытэ экономикэ Іэухуэхэр гъэтэмэмыщІэблэм я узынщагъэр щхьэзыхьхь хуэтщІ мыхъуну.

- Минпромторгым и законопроектыр дзэыІыгъаи щІыІэщ. Абыхэм ди фІэщ ящІыну хэтщ фадэ щапІэхэр бгъэмащІэкІэ балигъ мыхъуахэр фадэм пхущІмыхьэмэну, атІэ зэгупсысын хуейр экономикэм и зыужьыныгъэрауэ. Ар пІщІыщ. Сабийхэм ялъагъун хуейкъым фади ар къэзыщэхуи, - жиІэ Жылагъуэ щІыхубэ фронтым хэт Хутуевэ Любовь.

Иджыпсту щыІэ федеральнэ мардзэкэм щІыпІэ унафэщІхэр хуит ящІ фадэ щащэ тыкуэныр школхэм зэрыпІэщІэнур езыхэм ягъэбелджылыну (метри 10-м щегъэжьауэ 100-м нэс). ЦІыхубэ фронтым хэтхэм кьалъытэ фадэ зыщэхэм яхудэпчъых мыхъуну, сыту жыпІэмэ, хьэрычэт ящІэнымкІэ зэран кьахуэхьу щхьэусыгъуэщхэр яІэхьым.

- Языныкъуэ фадэ щапІэхэр Іэухугъэныр тфІэзахэщ. Ар хьэрычэт Іуэхум зэран хуэхьуну Промышленностымрэ сату Іэухуэмкіэ министерствэм къызэрилытэмкІи дыарэзыкъым, - жиІащ зэІуІэм хэтахэм.

КъБР-м и Жылагъуэ щІыхубэ фронтым и пресс-Іуэхущапі.

● Пресс-конференцэр

ЩхьэзыфІэфІхэм къащІэкІуэнукъым

«Кавказ Ищхъэрэм и щІыналъэхэм электрокъар ятезыгъашэ компание» акционер обществэ зэІухам и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и унафэщІ Гъубжокъуэ Юрий гъатхэпэм и 3-м пресс-конференц зэхишащ. Ар теухауэ щытащ мазаем и 29-м Лэсхэн РЭС-м и хэщІапІэм щалэжьа щІэпхъаджагъэм, токыр зэрадигъуэм, абы и уасэр зэрамытым кьашэ гугъуехьэхэм, щІыхуэхэр къызэрыдахьыж Іэмалхэм.

ГЪУБЖОКЪУЭМ зэрыжиІамкІэ, Лэскэн РЭС-м и инженер нэхъыщхьэ Гъащтэ Арсен травматикэ кІэрахъуэкІэ еуамрэ бзаджащІэм и Іупэфіэгъумрэ хабзэхъумэхэм ярыбдащ. ТІури Анзорей кьуажэм щыщщ, илъэс 27-рэ, 28-рэ я ныбжьщ. КІэрахъуэкІэ еуам сом мин 20-м щІигъу щІыхуэу зэрытелъым кьыхэкІыу, токыр пабыдын хуей хъурт, модрейм ар щхьэзыфІэфІу пидзэжьыт. КъызэрахутамкІэ, электрокъарур пщІэнщэу щрамытым, нэхъапэм ягъэтІысауэ щытам Іэщэ кьигъэсэбэнащ.

- Энергетикэм я лэжьыгъэр къызэрымыкІуэу гугъущ, я ГъащІэмрэ я узынщагъэмрэ дежкІэ щынагъуэ зыпІыль кьалэныжхэ ягъэзащІ. Дунейм и къэхъукъащІэхэм я лъэужьхэр гъэкІуэдыжьиным, цІыхухэмрэ псэуалъэхэмрэ зэпымыууэ хуабэрэ нэхукІэ къызэгъэпэщыным кьаруушхуэ ирахьэлІэ, жэщ-махуэ ямыІэу а Іуэхум хуоплъыр. ИтІани, щІыхуэ зытелъэмрэ токдыгуэхэмрэ ди Іэщ Іагъэлі эм кьахуодалъэ, къофыщІауэ, хьэхэр кьраушт, Іэщ Іэкіэ кьапоуэ, уасэхэхэр ягъэпуд. КъыкІэгъащІыпхъащ ильэс зыбжанэ и пэкІэ ди къэпщытакІуэр Шэрэдж щІыналъэм Іэщ Іэкіэ уІэгъэ зэрыщащІар, «Къэбалъкъэнерго» ПАО-м и Май район къудамэм и хэщІапІэм юрисконсультым мы гъэм фэбжь зэрыщытрадзар. БзаджащІэхэм яг къэзгъэкІыжыну сыхуейт ди компанием и унафэщІхэри, шынагъуэншагъэмкІэ и Іуэхущапі эр, хабзэхъумэ Іэнатіэхэри апхуэдэ къэхъукъащІэхэм хуабжу зэрыхуэткІийр икІи зыми зэрыхуэдэдмыкІыжыр, - къыхигъэщащ Гъубжокъуэ Юрий зэІуІэр къыщыдзэІуІуихьм.

Иужькіэ щІыналъэ къудамэм и Іэтащхьэр зэпкрыхьауэ ящІ къытеувІащ уасэр зымытхэм хэхауэ зэрадэлажьэм, щІыхуэхэр щІы-зэтрихьэ щхьэусыгъуэхэм, щхьэзыфІэфІхэм токыр зэрыпауфыдыщІыкІэм.

- Токыр къыдэзытыр «Къэббалъкъэнерго» акционер обществэ зэІухаращи, абы и заявккэр дгъэзэщІэну ди кьалэнщ. ЩІыхуэу сом мелуан 462-рэ мин 958-рэ зытелъхэм яхуэгъэза апхуэдэ тхылъ 24138-рэ нэгъабэ кьытхуэкІуащ. 20114-р цІыхухэм, 4024-р Іэухущапіэхэм хуоз. А бжьыгъэр ипэ ита илъэсым зэрыхуэам 1200-кІэ щІегъу. И уасэр и чэзум ирикъуу кьыдэзымыгъэм токыр япэдубыдын хуей мэхъу. Кьэпщтэмэ, зэрызэкІэлъыкІуэм хуэдэу, сом мелуан 18-рэ мин 78-рэ, мелуан 40-рэ мин 794-рэ зытелъ цІыху щхьэхуэу 3830-м, Іэухущапіэу 199-м щІыхуэхэр хабзэкІэ едгъэпэшыныжащ. Адрейхэм, сурэм намыгъэсу, сом мелуан 403-рэ мин 450-рэ ятыжащ. А щІыкІэм тету, токыр зэрадпэдубыдынумкІэ хьыбар эздгъэщІахэм я процент 80-м - Іэнатіэу 3787-м, цІыху щхьэхуэу 15153-м - щІыхуэхэм я процент 89-р зытрагъэкІыжащ. Газетеджхэхэм ягу къэзгъэкІыжыну сыхуейт токыр зэрыпаубыд е зэрагъэмащІэ хабзэхэр 2012 гъэм накъыгъэм и 4-м УФ-м и Правительствэм къищта Унафэ №442-м зэрызэкІэлъитакІуэр. Коммунальнэ Іэухутхьэбзэхэр зэрыхуащІэм и Іэухукіэ, 2014 гъэм мазаем и 17-м Урысей Федерацэм и Правительствэм къыдигъэкІа Унафэм зэрыщыубзыхуам тету, пІалъитІкІэ уасэр зымытахэм я псэупІэхэм токыр паубыдыну хуитщ. ЩІыхуэпадзэжьнэр щІыхуэхэр зыштагъэкІыжмэщ, е ахэр зэщхьэщыхуауэ зэрапшынысыжыну теухуа зэгурыІуэныгъэ зэращІэлІэмащ, - къыгъэлъэгъуащ Гъубжокъуэ Юрий.

Щ Іыналъэ къудамэм и унафэщІр журналистхэм къахутепсэльыхьащ 2016 гъэм щІышылэм и 1-м кьыщыдздзауэ щІыхуэ зытелъхэм зэретхьэкъуащІыкІэм халъхьа зэхъуэкІныныгъэхэр зыхуэдэм. Псалъэм папщІэ, ягъэ мазэм ток уасэр зымытам пеня тращІыхьэнукъым. Ауэ пІалъэ кІыхькІэ зэтрезыгъэхьэхэм папщІэ тезыырр ягъэткІиинущ. КъищынэмыщІауэ, уасэхэм пыщІа хабзэхэр зымыгъэзащІэхэм яхь административнэ жэуапыр зыхуэдэр УФ-м и КоАП-м егъэбелджылы: Іэухущапіэхэм сом минищым къыщыщІдздзауэ мин щищым нэс, унафэщІхэм сом мин плІыщІым щегъэжьауэ мин щищым нэбланэ гъэ къуэдыуэ тралъхь е илъэситІым къыщыщІдздзауэ илъэсищым нэскІэ и къулыкъур щхьэщах.

- Токыр зэрадигъур нэхъ дызыгъэпІейтей мыхъумыщІагъэхэм ящІущ. Іуэхущапіэхэмрэ ягъэгъэхэмрэ ар къызэрыщІагъэсэбэп щІыкІэр ди Іэщ Іагъэлі эм махуэ къэс кьапщІэ. Сом мелуан 30,7-рэ и уасэ киловатт-сыхьэт мелуани 9,5-рэ нэгъабэ ядыгъуати, сом мелуан 23,7-рэ акткІэ едгъэпэшыныжащ. Апхуэдэ щІыкІэкІэ, электрокъарууэ киловатт-сыхьэт мелуани 7,3-рэ къыдэдгъэхуащ. Токыр пщІэнэшу къэзыгъэсэбэпхэм кьаэзрыщІэмыкІуэнур зыщагъэгъупщэн хуейкъым. Абыхэм хэщІы-ныгъэшхуэ кьаушэ. ЩхьэзыфІэфІу зэрыпадзэм и зэранкІэ, электрокъарууэ я фІагъым кІэроху, токкІэ лажьэ Іэмэпсымэхэр мэкъыгъэ, энергетикэм и псэуалъэхэм я шынагъуэншагъэр кьагъэтІасхъэ, технологие хабзэхэр къызэпауд.

«Энергетикэ гъэтІылъыгъэхэм хуэзэ пщІэр зытхэм яхь жэуапым зэрыхагъахъуэм кьыхэкІыу, УФ-м и законодательнэ акт щхьэхуэхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іэухукіэ» 2015 гъэм жэпуэгъуэм и 23-м Кьэрал Думэм кьищта Федеральнэ законым электроэнергетикэм и Іэнатіэм административнэ ящІаншагъэхэм ятеухуа Іэухугъуэщ Іэ зыбжанэ щагъэзбелджылащ. Кьэпщтэмэ, щхьэзыфІэфІу токыр пызыдзэ щІыхуэхэм я щІыналъэ кьудамэм и унафэщІм.

Иужькіэ Гъубжокъуэ Юрий мы гъэм нэхъыщхьэу кьапэщытхэмрэ я мурадхэмрэ тепсэльыхьащ, журналистхэм я упщІэхэм жэуап яритащ.

МЫСОСТ Алий.
Сурэтыр
Елъкъан Артур *трихащ.*

● Налшык къалэ

Судым и унафэкІэ

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм муниципальнэ кІэлъыплъныныгъэмкІэ и кьудамэм и Іэщ Іагъэлі эхэу Апажэ Т., Багъэтыр Б. сымэ зэрыжаІэмкІэ, уху эныгъэ щрагъэкІуэкІын папщІэ, муниципальнэ щы Іыхьэхэр щхьэзыфІэфІу кьэзыубыдэхэм щІыпІэ администрацэр тКІийуэ ябгъэдохь.

КъАПЩТЭМЭ, цІыхухэм кьата хъыбархэм япкъ иткІэ, Тамань дивизэм и цІэр зезыхьэ уэрамым хуэзэ, фэтэр куэд хьу унэ №33-м и пщІантІэм дащІыхьа сату киоскыр, Захаровым и цІэр зезыхьэм тет псэупІэ №№81, 82-хэм, Ватутиным - №№1, 8-хэм, Лениным - №№14, 16, 18-хэм, Кировым - №№3, 9-хэм, Ашуровым - №8-м, Байсултановым - №4-м, Мусукаевым - №16-м, Кулиевым - №11-м, Неделиным и цІэр зезыхьэ уэрамым тет унэ №2-м я пщІантІэхэм екІуалІэ транспорт гъэзугъэр зэхуэ- зыщІ бжьыхэр Іурагъэхьжащ.

Профсоюзнэ уэрамым тет унэ №220 «б»-м, 220-м, Чернышевскэм - №167-м, Кировым - №231-м, Маяковскэм и цІэр зезыхьэм хуэзэ унэ №23-м я пщІантІэхэм щхьэзыфІэфІу гуащІыхьахэр, щ Іахуэ щ Іэлъхьапіэхэр, щагъэува гъущІ гаражэхэр суд приставхэм я нэІэ щІэту ирагъэкъутэжащ.

Налшык къалэ округым и щІыпІэ администрацэм и пресс-Іуэхущапі.

ЯщІэн я куэдщ

Налшык и щІыпІэ самоуправленэм и Совет ящІыгъэкІуэкІа ди къэзыгъэмкІэ, ди щІыхьэрыр хабжащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм хиубыдэ къалэхэм ящІыщу экономикэр щефІакІуэ щІыпІэхэм.

КъАПЩТЭМЭ, Налшык щыпсэу лэжьапІэнщэхэм я бжьыгъэр нэгъабэ процент 9-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, илъэси 3 - 7 ныбжьым и тай сабийхэр кьанэ щымыІэу сабий гъэсапІэхэмкІэ къызэрагъэпэщащ. 2016 гъэм я мурадщ илъэси 2 хъуа щІыкІуэр щаІыгъыну сабий садхэри къызэІуахыну.

Кьалэ унафэщІхэм псом хуэмыдэу я нэІэ тетащ кьалащхьэм и теплъэр егъэфІэкІуэным ехьэлІа Іуэхугъуэхэм: жыгхэмрэ щхьэуантІагъэхэмрэ нэхъыбэу хэсэным, уэрамхэр кьабзэу зекъэным.

Кьабзагъэ мардзэкэм щытепсэльыхьым, зэІуІэм хэтхэм кьыпакІухьакъым кьалэдэсхэм кьабгъэдэкІыу кьаІэрыхьа тхьэусыхафэхэми. Абыхэм я нэхъыбэр теухуат жыг куэд зэрырахьм. Мы Іуэхум теухуауэ кьыхагъащІащ зы жыг щхьэусыгъуэншэу зэрыпамыкІуащ. Ахэр жьы хъуащ икІи езы цІыхухэмкІэ щынагъуэншэкъым.

Зэ Іущ Іэм убгъуауэ щытепсэльыхьащ кьалэм и экономикэр ефІэкІуэныр куэдкІэ зэпытта бизнес цІыкІум и нобэрей щытыкІэр зыхуэдэмрэ абы зэрызебгъэужьыну Іэмалхэмрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

ШЫФЭКЪУЖ Данэ:

Адэжь лъахэм ущыпэIэщIэм дежщ ар зэрылъапIэр щызыхэпщIэр

Хэхэс адыгэхэм я Iуэху нэхъ щыдэкIыу, я бзэр нэхъ щахъумэфу къалъытэ Иорданиер. Абы къэдгъэтхупсэлъыхь Дунейпсо Адыгэ Хасэм и Хасащхьэм хэт, Иордан Хьэшимит Пащтыхьыгъуэм и сенатор, а къэралым щыIэ Адыгэ Фыщ1э Хасэм и тхьэмадэ Къардэн Самир, нэгъуэщIхэри. «Адыгэ псалъэ» редакцэм и хьэщIэщ пащтыхьыкъуэ Хьэмзэ и цIэр зезыхьэ еджапIэм адыгэбзэмкIэ и егъэджакIуэ Шыфэкъуж (Хьэфыщ1э) Данэ.

Данэ щыщIалъхуари къыщыхъуари Налшыкщ, КъБКъУ-р къиухащ, Амман щыщ адыгэ щIалэ дэкIуауэ абы щопсэу. Абы къэралитIыр зэрыгъэпщIар, е нэхъ пэжу жыIэмэ, Урысеймрэ Иорданиемрэ адыгэ пщащэм и гъащIэм щаубыд увыпIэр гъэщIэгъуэнщ. Абы и адэр ди республикэм, нэгъуэщI щыпIэхэми фыуэ къыщащIыху, ДАХ-м и Хасащхьэм хэт, Хьэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэ Хьэфыщ1э Мухьэмэдщ.

Дызэрыщыгъуаэзщи, абы Iуэхушхуэ ирегъэкIуэкI хэхэс адыгэхэм я щыIэкIэ-псэукIэм дыщигъэгъуэзэным, хэхэсхэмэ хэкурысхэмрэ нэхъри зэпыщIа хъуным теухуауэ. Мухьэмэд и щхьэ Iуэхуфи хэхэс адыгэхэм яплъа Iуэхуат Иорданием щыпсэу Нэгуэрэ малъхъэ щахуэхъуам. Мухьэмэдрэ абы и ятэ щхьэгъусэу щыта Нансирэ ятхъуш Данэ.

Данэ зыпIа и адэм и Iэщ1агъэр и гум дихьэу къыщIэкIынти, филологие щIэныгъэ зригъэгъэтащ, и насыпыр здэщыIэр арати, и ажэр щыпсэу къэралым унагъуэ щихьащ. Данэ къэкIуэжауэ дихуэзэри, депсэлъащ, езыми и гуапэу ди упщIэхэм жэуап къариташ.

- Балигъыпл1э уиувэху ущыпсэуа щIыпIэр щыпхъуэжам гугъу уехьа?

- Къыщалъхуа щыпIэр ихъуэжыныр зыIи и дежкIи тыншу къыщIэкIынкъым. Ауэ Амман щыIуа нэужь, зэман гуэр дэкIри, щIыхуэми сесащ, бзэри зззгащIэри, си Iуэхур фIы хъуащ. Мазийм къриубыдэу хъэрыпибзэр ззгъэщIащ. Ечанэ хуабжу сабэп къыщхуэхъуащ занщIэу лэжьэн зэрыщIэздзар. БзэмкIэ си дэIэпыкъуэгъу нэхъыщхьэ хъуар, дауи, езгъаджэ сабийхэрщ. А щIыкIуэхэм хъэрыпибзэкIэ зыгуэр щажеСIэкIэ, сыщыуамэ, гу лъызагъэтэжырт, сэри адыгэбзэр езгъэджу арати, яфIэгъэщIэгъуэну япхъуатэрт.

ИтIанэ щыуагъэншэу бзэм сприпсэлъэф хъуа нэужь, тхэн, еджэн щIэздзащ. Хъэрыпибзэр гугъущ, хьэрфыр здэщытым елъытауэ и къэпсэлъыкIэм зехьуэж, ауэ щкольм къыщыздэлажьэ егъэджакIуэхэри къыздэIэпыкъуэрэ, япэщIыкIэ щIыкIуэм я цIэ-унэщIэхэм сыкъеджэфу, итIанэ псыкэ сакъыхуеджэу щIэздзащ, ауэрэ газетхэм сыщIэджэкIыбу сыхъуащ. Зы ильэс нэужьым бзэр тыншу схуэгъэшэрыуэрт.

- Уэ ущыпсэуну, ущылажьэну укIуати, нэхъуеиныгъу зэбгъащIэрт бзэр.Ебгъащэ щIыкIуэм дауэ къащыхъурэт анэдэлъхубзэр?

- Зы псалъэухакIэ уи упщIэм жэуап ептмэ, 3-нэ классым нэса щIыкIуэм адыгэбзэкIэ диктант щезгъэтхкIэ, инджылызыбзэмрэ хьэрыпибзэмрэ нэхърэ нэхъыфIу ятх. Ильэс 17 хъуауэ сыщолажьэ школми, гу лъызотэ адыгэбзэр нэхъ псынщIэу къызэрапхъуатэм.

Сабийхэр школым къэкIуа нэужь, япэ класситIым дерсхэр джэгуакIэ щIыкIэм тету едгъэкIуэкIыу аращ. Ещанэ классращ хьэрфхэр зэгъэщIэным иужь дыщихьэр. Сэ а щIыкIуэм нэхъ яфIэгъэщIэгъуэныр, къызэрыдэсхьэхыну, зэрытезгъэгушхуэну Iэмалхэр къэсщIа нэужь, тхылъитI ежьащIэ абыкIэ изогъаджэ. ПэщIэдзэ классхэм щIэсхэр зэреджэ тхылъыр къэрэндащ зэмыфэгъэкIэ ялэхэм хуэдэщ. ПсалъэкIэ нэхъ гурыIуэгъуейр хъунущи, а тхылъ щIыкIум ит сурэтхэр ялуэрэ зрагъащIэ, ахэр зищIысыр, апхуэдизрэ адыгэбзэр къагурыIуэу, мащIэу ирипсэлъэфу йосэ. ЕтIуанэ классым кIуэ щIыкIуэр тхылъкIэ мэлажьэ, сурэт иту, ар зищIысыр кIэщIэтхаеу. Ещанэ класс хъуа нэужь хьэрфхэри зыдогъащIэ, псалъэхэр пычыгъэкIэ зэпагъэуэз, ауэрэ школ программмэм дытохьэри, я къуэхым зиужьырэ макIуэ. Япэ класситIым инджылызыбзэмрэ хьэрыпибзэмрэ ядж сабийхэми, къатемыхьэлъэн, зэхамыгъэзэрыхьн папщIэ дэ алыффеим и гугъу тщIыр-кIым, ещанэм деж щыщIэдзауэ нэхъ тыншщи, абы дытетщ.

- Хамэ къэралхэм адыгэ лакъуэгъ щызэхэпхъащ. Диалектхэр егъэщIыхуным щхьэхуэу иужь фит?

- Хьэуэ. ДызэгурыIуауэ зэредгъаджэр къэбэрдей-шэрджэсыбзэ жыхуэтIэращ. Мейкъуапэ никIауэ си егъэджакIуэ диIэщи, абыи аращ зэрыгурыгъаджэр. Арыншауи хъунукъым, зэхагъэззэрыхьынущ. Лакъуэхэр щызэхэпхъащ жыхуэпIэр пэжщ, ясынныкъуэхэм деж къэхъур пщIэрэ? Сэ адыгэбзэкIэ яжеслар е зрагъэщIэну естар етIуанэ махуэм къокIуэри, бжьдыгъуэзэкIэ кIыжьалэ! Апхуэдэжм сапэрыуэркъым, ныбжьыщIэм и адэ-анэр нэхъ зыхуэзэщIуэ бзэмкIэ ирагъащIуэ аращ уэср.

- Школыр къэзыух адыгэ сабийм анэдэлъхубзэр ищIэрэ, ирипсэлъэфрэ? Уи гугъуехьым, уи лэжьыгъэм къыпэкIуэм арэзы укъыщIэ?

- Си жагъуэ зэрыхъущи, сыт хуэдизу семыгугъуми, сабийр адыгэбзэкIэ псэлъэныр зэпытар сэрэхьым, атIэ ар къыщыхъу унагъуэрщ. Сэ хьэрфри, тхэкIэри, еджэкIри язоГъащIэ. Ауэ и унагъуэм щымыпсалъэмэ, и адэ-анэр абы емыгугъумэ, сабийр къэуву адыгэбзэкIэ къоПсэлъэнукъым, дерсым тэмэму жэуап щыт щхьэкIэ. Унэм адыгэбзэкIэ къыщемыпсалъэмэ, абыкIэ къэрал экзамен имытмэ, дэ дызыхуей гупыIэтэ анэдэлъхубзэм игуэгъыркъым. Сабийхэм зэи укъэгъалIэкIрэкым, абыхэм къыщыхжаIэ щыIэщ: «Сэ дыгъуэпшыхь унэм сщеджэну сыхуеят, ауэ си анэм идакъым, хъэрыпибзэм, есэпым е инджылызыбзэм нэхъ егугу, ар нэхъыщхьэщ» жиIэри. Абыхэм быдзу яжьащIэ: «Псом нэхъыр нэхъыщхьэр сф анэдэлъхубзэращ, фи адэ-анэхэр иримыпсалъэфмэ, сэ фэзгъащIэхэр фыкIуэжурэ абыхэми евгъэлъагъу».

КъищынэмыщIауэ, ди Iуэхур нэхъ гугъу зыщIхэм ящыщщ адыгэбзэмкIэ дерсхэм хуэхэа сыхьэт бжьыгъэ зэрагъэзэщIар. Нэхъапэм адыгэбзэр тхьэмахуэм тхуэ зэту щытащ. ИужькIэ инджылызыбзэмкIэ иджыри зы предмет къыхагъэхьэри, ди дерсхэр ягъэмэщIащ. Иджы 1-7-нэ классхэм тхьэмахуэм дерси 3, 8-10-нэ классхэм сыхьэтитI яIэу аращ.

Дэтхэнэ адыгэ унагъуэми и быныр ди деж къыгъэкIуэну пылъщ. Бзэр щызэрагъащIэкIэ къэхъэлъэкIэр, адэ-анэхэри абы и пынкIуэкIэ сабийхэм гугъу ядохъ, ауэ къызыхэкIар зищIысыр ищIэжу ныбжьыщIэр къэтэджын папщIэ, а школым Iэмал имыIэу кIуэн хуейуэ ягъэув.

Сэ цIыкIуэм сытым дежи яжьэфIэн: «Фи курткэм, футболкэм «адыгэ» псалъэр тету, адыгэ бзэрабзыр фIыгъэIыу, хьэрыпибзэкIэ «Сыдадыгэщ» жыфIэу фыдэмыт. Абы къикIыркъым фэ фызэрыдыгэр. Бзэр фщIэмэ, хабзэр зефхьэмэ - фыадыгэщ, занщIэу фыкъадыхунущ, дакъикъипщIкIэ къывбгъэдэтым фи адыгагъэр здынэсыр игъэунэхунущ. Аращ нэхъыщхьэр къэтэджын папщIэ, а школым Iэмал имыIэу кIуэн хуейуэ ягъэув.

Сэ цIыкIуэм сытым дежи яжьэфIэн: «Фи курткэм, футболкэм «адыгэ» псалъэр тету, адыгэ бзэрабзыр фIыгъэIыу, хьэрыпибзэкIэ «Сыдадыгэщ» жыфIэу фыдэмыт. Абы къикIыркъым фэ фызэрыдыгэр. Бзэр фщIэмэ, хабзэр зефхьэмэ - фыадыгэщ, занщIэу фыкъадыхунущ, дакъикъипщIкIэ къывбгъэдэтым фи адыгагъэр здынэсыр игъэунэхунущ. Аращ нэхъыщхьэр къэтэджын папщIэ, а школым Iэмал имыIэу кIуэн хуейуэ ягъэув.

Сэ зы лIы гуэр къэкIуат и къуитIыр къишэри, «сэ адыгэхэм куздрэ сахуозэ, абыхэм хуэдэу акъыл гъэтIыса зиIэ, зи бын дахэу зыгъаСэ сризхэIэкIыж, си сабийхэри аптхуэдэу къэхъуну сыхуейти, мы школым къэсшащ», - жиIэри.

- Псоми жаIэ Иорданием адыгэхэм пщIэшхуэ зэрыщыхуащIыр.

- Ар пэжщ. Иорданием сыщыкIуагъащIэм «дэнэ ущыщ» жаIэмэ, «Урысейм сыкъэкIащ» жысIэрт. Ауэ Урысеймрэ урысхэмрэ нэхърэ нэхъыфIу щэрджэсхэр къыщащIыху абы икIи фIыуэ къыщалъагъу. Сыт хуэдэ зэхьхьэ сыкIуэми, хьэрып дапщэ ныбжьыгъу схуэхъуми, си щхьэр лъагэу сагъэлъагъэр, адыгэхэр яфIэщапхъэш. Сыщылажьэ школым щыIэ гупыр къапщтэмэ, зэгурыIуэрэ зэдэIуэжу, зыр зым ечэнджэщыжу, дэIэпыкъуу апхуэдэхэщ. Зы псалъэкIэ жыпIэмэ, адыгагъэ яхэлъщ, аращ хьэрыпхэри нэхъ къыздэзыхьэхэр. Щылажьэхэр адыгэбзэкIэ мэпсалъэ, си анэдэлъхубзэр зыхуэмыгъэшэрыуэми, Iэмал имыIэу адыгэ хабзэр зэрехь.

- Къэралхэм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм ящыщу нэхъ иныр Амман щыIэ Фыщ1э Хасэращ. УкIуэрэ абы?

- Пэжщ, икIи инщ икIи лэжьыгъэшхуэ ирегъэкIуэкI АФIХ-м. Абы и нэIэ щIэтщ сэ сыщылажьэ школри, абы къепхыжа сабий гъэсапIэри. Хасэм и лэжьакIуэхэм балигъэхми сабийхэми я нэIэ трагъэтщ, нэхъыбэу зытрагъащIэр бзэр хъумэныращ, адыгэ щэнхабзэр зехьэныращ, хабзэр яхэлъныращ, зрызадныгэр ящымыгъупщэу псэунырщ. КъищынэмыщIауэ, гъащIэм и сыт хуэдэ лъэныкъуэри къызэщIиубыдэу къудамэ щхьэхуэхэр иIэщи, абы нэхъ тынши икIи куу ещI адыгэ гъащIэм теухуа лжэныгъэр. Сэ щIэхщIэхыгъэ сахохьэ абыхэм, къызэрагъэпщIу махуэшхуэм сыхэтщ, ЩIыкIэфIри си здэм и ныбжьэгъу куэд щыIэщи, ахэр слъагъуну сыт щыгъуи си гуапэщ. Хэкум никIаэм абы сащыIоущIэ.

- МыбыкIэ щыпсэуэхэмрэ абыхэмрэ зэбгъапщэмэ... Дауэ къызэтена Иорданием иц адыгэхэр, уэ узэрепIымкIэ?

- ЩIыхьэныгъэ, абы адыгэхэр, я зы хъугъэкIыгъуэ зэрамыгъэмэщIэным иужь ити. НэгъуэщI къэрал щымыпсоуам ищIэнукъым: хамэхэм ущыхэтым деж уи бзэр зыIуприIуьыр, уи хабзэр зезыхьэр уи шыпхъу, уи дэлъху пэлъытащ. Хэкум апхуэдэу щызыхэпщIэркъым ар. Уи пIэлъкым ухэсщи, а зи гугъу щIэщIхэм уегупсысыжьркъым. Адэжь лъахэм ущыпIэлъщIэм дежщ ар зэрылъапIэр щызыхэпщIэр. Къалэныншхэу ягъэзащIэ абы и лъэныкъуэкIэ Хасэхэм. Аращ хэхэсхэм адыгэ жьэгу яхуэхъур.

Епсэльар

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Ди хьэщIэщым

Налшык сыкъыщыкIуэжкIэ си гум зимыгъэнщIу хэкужьм и къуэамкIэ собауэ, си адэм, си благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ гу ящымыхуэу сабгъэдэсщ, дунейм и дахагъри аращи, кIалэ жыг хадэм сокIуэ, абы и дэтхэнэ жьгри мыбыкIэ сыкъыщыгупсыскIэ си нэгу къыщIэзгъэхьэжьфын хуэдэу сигу изубыдэну сыхэтщ.

- Налшык укъэIэпхъуэжьну къыпщыхъурэ зэгуэр хьэмрэ абы уигу щыбгъэтIылъа?

- Си Iэщ1агъэр, си лэжьыгъэр, сызыхэт гупыр сэбэпышхуэ къысхуэхъуащ абы сигу щызгъэтIылъынымкIэ. Ауэ си гущIэм щхуэу иль гъэрц а укъызэрызэупщIар, ар нобжьым, пщэдейкъым къыщыхъунур, ауэ дыпсэумэ...

- Уи пщащэ щыкIур мащIэу къэдгъэщIыхут. Сытым нэхъ дихьэхэр, сытхэр и мурад?

- Санэ ебгъуанэ классым макIуэ. Iэщ1агъэ хуэхъунур иджыри къыхихакъым, ауэ сурэт ищIну хуэбжьу фIэфIщ. Еджэным дехьэх, сэ сыщылажьэ школращ щеджэри, аращ Санэ сэрэ ди адыгэ дунейр щытIылагъур, адыгэбзэр щызэхтхыр. КъищынэмыщIауэ, ныбжьэгъуэхэр, благъэхэр диIэщи, дакIэльоКIуэ, хъугъуоблагъэ. Нэхъапэм хасэм кIуэурэ адыгэ къэфэкIэ зригъэщIащ, иджы баскетбол джэгуну фIэфIщ.

- ПIалъэ-пIалъэкIэрэ фIэкIа умыльагъу щIыпIэм зэрызыхуэжар уи нэгу нэхъ къыщIедзэ. СыткIэ нэхъ дахэ е нэхъ Iей хъуа Налшык?

- Сэ ильэсиблкIэ сыщымыIауэ сыкъэкIуэжати, псоми гупсэжгъуэ къызатыут. Сани апхуэдизкIэ итхъэкъащ хэкуми, «си анэ, Иорданием щыдиIэ благъэхэмрэ ныбжьэгъуэхэмрэ мыбы къэIэпхъуэжьну щытамэ, сыту фIыт Налшык ущыпсэуну» жиIэрт. Къэбэрдеймм щыпсэу и адэшхуэмрэ и анэшхуэмрэ зыпищI щыIэкъым, мыбы дыщыIэжу пщэдджыжь къэс и анэшхуэм и гъусэу паркым кIуэурэ сызыкIухьащ.

Налшык куэдкIэ нэхъ дахэ хъуащ. Уэрамхэм ущрикIуэкIэ, нэм ильагъу псоми гур хагъахъуэ. Ауэ щыхуэхэр нэщхъеIэу къысщохъу, нэхъ нэжэгужу саIупIэну сыхуейт. КъурIэмит щIэ мыпхэудэу: «Цыхуэм мылъкуиту удэIэпкъуфIы, дэIэпыкъу, ар пхуэзфIэжькIмэ, псалъэ дахэ жеIэ, псалъэ дахэ пхужемыIэрэ - хуэгуфIэ». Гуапагъэ ар, уэзщыгуфIыкIмэ, угуэхэри нэхъ зэгъэнэгъу мэхъу. Сэ къызгуроIуэ: гуныкъуэгъуэ, гуфуэхь гуэр зимылэ щыIэщIыкъым, мыбы дыщыIэжу пщэдджыжь къэс и анэшхуэм и гъусэу паркым кIуэурэ сызыкIухьащ.

Налшык куэдкIэ нэхъ дахэ хъуащ. Уэрамхэм ущрикIуэкIэ, нэм ильагъу псоми гур хагъахъуэ. Ауэ щыхуэхэр нэщхъеIэу къысщохъу, нэхъ нэжэгужу саIупIэну сыхуейт. КъурIэмит щIэ мыпхэудэу: «Цыхуэм мылъкуиту удэIэпкъуфIы, дэIэпыкъу, ар пхуэзфIэжькIмэ, псалъэ дахэ жеIэ, псалъэ дахэ пхужемыIэрэ - хуэгуфIэ». Гуапагъэ ар, уэзщыгуфIыкIмэ, угуэхэри нэхъ зэгъэнэгъу мэхъу. Сэ къызгуроIуэ: гуныкъуэгъуэ, гуфуэхь гуэр зимылэ щыIэщIыкъым, ауэ а псор уи нэгум кIыщ зэпыту упсэу хъунукъым. УщыдзэнышэкIэ, пшхын щхьбгъэтIкIэ, адрейкэр псори хуэмурэ къыбдзэхунущ. Нэхъ гумащIэу, гупщIанэу дызэхущыбгъэт цIыху псори.

Епсэльар

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэщ.

● Зэ1ущIэхэр

Интернетымрэ щIалэгъуалэмрэ

«Лъэпкъым и къарур - узынщагъэрщ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым кIалэн куэд зыгъэзащIэ и ЩIалэгъуалэ центрым «стIол хъурей» щригъэкIуэкIащ интернетым щыхуэр зэрызыщIишэм теухуауэ. Зэ1ущIэр «Сэ сыунафэщIу» проектым хыхьэу къызэрагъэпэщащ.

ЗЫМИ и дежкIэ щэхукъым иужьрей илъэсхэм интернетым щIалэгъуалэ куэд зэрирагъэщхьэрыуэр, я зэманым щымысхьижу пщIэншэу абы зэрыгъэгъэкIуадэр. Абы къыхэкIыу къызэгъэпэщащIуэхэм кIалытащ юридическэ, медицинэ, психологие я лъэныкъуэкIэ мы Iуэхум хэплъэн хуейуэ. Зэ1ущIэм къривхьэлIат республикэм узынщагъэр хъумэнымрэ егъэджэныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэхэм, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

«Интернетыр «дуней» щынагъэншэу зэхущытыжыр къэтIытэри, цIыхубэм я Iуэху епIлъыкIэр зэдгъэщIэну, хэкIыпIэхэр къэдгъэнэIуэну «стIол хъурейр» къызэдгъэпэщащ, - жиIащ зэ1ущIэр езыгъэкIуэкIа, «Республикэр псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт Табулдиновэ Камиллэ. - Зэрыщ1эщи, адэ-анэхэр теплъэкъуакIамэ, махуэ псом компьютерым бгъэдэс сабийм абы къыщыIэрохьэ хъыбар нэпцIу, и гупсысэр зэблэзышу куэд дыдэ. Апхуэдэ сабийхэр нэхъыжьым емыдэIуэж, тэмакъкIэщI мэхъу. Аращи, щIалэгъуалэм интернетыр щынагъэншэу къыззарагъэсэбэлъну Iэмалхэр зэхэдгъэкIыныр ди кIалэну къыдолъытэ».

«Сэ сиунафэщIщ» проектыр зэхэзыгъэува Гъуэплъащ1э Маритэ къыхигъащIащ кIалэтэ Iуэхум ди зэманым мыхьэнэшхуэ иIэ зэрыхъэр, зэIущIэм хэтхэр зэрызэгурыIуэм тещIыкIауэ дяпэкIэ щIалэгъуалэм зэрадзлэжьэнхэр, зэрадзIэпыкъунхэр».

Интернетым цIыхур щхьэхуимыт зэрищIыр уэ1ёужьыгъуэу жьыпIэхъуну? Сыт хуэдэу ныжьыщIэм и гупсысэр абы ихъуэжыфыну? Интернетыр къызэригъэсэбэпынум теухуауэ щIалэгъуалэр дауэ ущия хъуну? Мы упщIэхэри нэгъуэщIхэри зэ1ущIэм щызэпкърахащ.

Медицинэ щIэныгъэхэм я кандидат Тауканов Лейлэ къыхигъащIащ «Интернетщхьэхуимытыныгъэм» къишэ гугъуехьхэм иджыри 1995 гъэм дохутыр Голдберг Иван тепсэлъыхьауэ зэрыщытар, ауэ апхуэдэ узыфэ щыIэу медицинэр нобгр къыздэсым щыхьэт зэрытемыхъуар. «ЦIыхум и акъылыр зэтезыхуу щыIэ лIэужьыгъуэхэм (фадэм, афиныим, куэзырым, нэгъуэщI джэгуIэхэм) интернетым узэрызыщIишэр иджыри хамыгъэхьами, зыщымысхьыжу абы махуэми жэщми «исхэм» я дуней ельъыкIэр нэгъуэщI мэхъу. Язынныкъуэ щIэныгъэлIхэм къалъытэ наркотик зэзыхьэлIэхэр абы хэзыкIыу зэрыхъуэм ещхьу, интернетым «щыпсэуэхэм» хуэмхуэмурэ я гъащIэр абы теухуа зэрыхъур. Къэбгъэльагъэузмэ, махуэм сыхьэт 18 хуэдизкIэ компьютерым бгъэдэс цIыхум и хъуреягкIэ къыщыхъур къыфIэмыIуэжу, шхэну, жеину хуэмейуэ, зыкIэлъымыплъыжу мэхъу. Абы узыфэхэри къыхокI. Нэхъ щынагъэращи, интернетым щыхэхуимыт зэрищIар абы еэым къыгурыIуэжырхьим икIи ар жепIэу къыпхуидэнхьуэн, - ныкъизгъащ Таукенов Лейлэ.

Ди щIалэгъуалэр а хъым имыхуэн щхьэкIэ Iэщ1агъэлIым хэкIыпIэ зэмылIэужьыгъуэхэр къегъэльагъуэ: псом япэу адэ-анэм я гуапагъэ я быным зыхрагъащIэу, унагъуэм зэгурыIуэ илъу къагъэтэджкIэ хъэщ, зым адрейм зэрызыщIигъакъуэм и сэбэпынагъыр егъэльагъун хуейщ, мащIэ-куэдми, спортым гулъытэ хуещIэщIапхъэщ, хьэуа къабзэм ирибэуэну щIэх-щIэхьурэ унэм къыщIэшын хуейщ. Компьютерым зы сыхьэт-сыхьэтитI нэхъыбэ бгъэдэмысу егъэсапхъэщ.

Интернетым ифI-и Iейм зэ1ущIэм щытепсэлъыхьащ психолог Сабаншы Ритэ, КъБР-м и ЩIалэгъуалэ правительствэм и унафэщIым и къуэдзэ, КъБКъУ-м и медколледжым гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэмкIэ и деканым и къуэдзэ Мокаев Ашэмэз, КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацхэмкIэ и къэрал комитетым и къудамэм и унафэщI Романовская Аннэ, IT-технологиехэмкIэ Iэщ1агъэлI Абей Асльэнбэч, «КъБР-м и щIалэгъуалэ центр» къэрал Iуэхущ1апIэм и къудамэм и унафэщI Сурковэ Екатеринэ, юрист Жэбалы Эльвирэ сымэ.

Зэ1ущIэм и кIэухым къагъэнэIуащ зэлажьыпхъэ Iуэхуэр. Абыхэм ящыщ зэхуэсхэр адэкIи къызэгъэпэщыныр, кIэлэгъэ Iуэхум теухуауэ дерсхэр курыт школхэм щегъэкIуэкIыныр (адэ-анэхэри кърагъэблагъэу), еджапIэ нэхъыщхьэхэм щIэсхэм щIэупщIэныгъэхэр щадегъэкIуэкIыныр, интернетым и сэбэпымрэ зэранымрэ зэхэзыгъэкIауэ телевэнэтыхэр техыныр, сайт мыхъумыщIэхэм ивымыгъэхьэ программхэр сабийр зыбгъэдэс компьютерым трагъэувэным адэ-анэр къыхуедэжыр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэуи сабийм и ныбжьыр илъэсибл хъхункIэ компьютерым, планшетым, жып телефоным хуит хуэмыщIыныр зэрафIэкъабылыр язынныкъуэхэм къыхагъэщащ.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Iуащхьэмахуэ щIынатIэ

Гъатхэм хъарзынэу техьащ

Iуащхьэмахуэ и мэз-гъэфIэн (заповедник) щIыпIэхэм гъатхэ лэжьыгъэхэр щащIащ.

ЩIЫМАХУЭР зэрымыткIиям игъэтынышащ мыбы щIыпIэ Iэщ1агъэлIхэр. Псоущхьэхэм шхынкIэ, шыгуфIкIэ зэрыхуэсакъым къищынэмыщIауэ, я узынщагъэми тэмэму кIэлъыплъащ икIи ахэр хъарзынэу гъэ техьащ. Зэгурэрым мащIэ хъуауэ щыта мэз бжэнхэм, къурш ажэхэм, дыгъужьхэм, кхъуэпIащхэм я бжьыгъэм хэхуащ. Пасэу кхьиха гъатхэм и фIыгъэкIэ, мы зэманым абыхэм яшхын гъунэжу бгылъэ мэзхэм щагъуэт, абыхэм якIэлъыплъхэри бэлэрыгъыркъым.

Псэущхьэхэр хъумэным и мызакъуэу, мы щIыпIэм щыкIэлъоплъ езы мэзхэм я щытыкIэмэ: щащIыкIэ къэуа жьгхэр ирах, гъатхэм жыгыщIэхэр щыхэсэну щыпIэхэр зрагъэблагъэ. Мы илъэси къанэрхьым Iуащхьэмахуэ лъапэ и мэзхэм жыгыщIэу 100 бжьгъэхэр щыхьамысу.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

● Зэпеуэхэр

Дахагъэм, уардагъэм, хьэл-щэн зэтетым я зэхьхьэ

КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхуэмкIэ и министерствэм къыхелъхьэ «Мисс Студенчество КБР-2016» республикэпсо зэпеуэр егъэкIуэкIыныр. Абы и къызэрэпэщащIуэр зи гугъу тщIы министерствэм «Iуэху куэд щызэфIагъэкI и щIалэгъуалэ центрыр». «ЩIалэгъуалэм я урысейпсо союз» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и щIыналъэ къудамэр, «Премьера» жылагъуэ зэгухьэныгъэр, «Фиеста» арт-агентсвэр.

ЩIАЛЭГЪУАЛЭ зэчиифIэм защIэгъэкъуэныр, студент творчествэм зегъэужьныр, республикэм щыпсэу ныбжьыщIэхэм яку дэлъ щэнхабзэ зэпыщIэныгъэр гъэбыдэныр зи кIалэн нэхъыщхьэ зэхьхьэхуэм хэтыну ирагъэблагъэ КъБР-м щылажьэ еджапIэ нэхъыщхьэхэм я студенткэхэр, аспирантхэр. Гулъытэ хуащIынущ пщащэр утыкум зэритыфым, цIыху хэтыкIэ, епсэлъэкIэ зэрищIэм, и теплъэм, акъылыфIагъым, бгъэдэлъ творческэ зэфIэкIхэм.

Зэпеуэм хэтыну гукъыдэж зиIэхэр фыпсалъэ мы телефонымкIэ: 8-928-910-21-10. Конкурсым хэтынухэр гъатхэпэм и 28 пщIондэ ятхынущ.

Зэхьэзэхуэм и кIэух Iыхьэр накъыгъэ маэзм Налшык кIалэ щекIуэкIынущ.

КЪАРДЭН Маритэ.



● Къалэдэсым и гукъеуэхэр

Псалъэ гуапэм пщIэ щIатыркъым

Гъэм и дахэгъуэ зы гъэмахуэ махуэ гуэрым лекцэу сыхьэтих старэ сешауэ, фIыуи сыкъэмэжьлIауэ университетым сыкъыщIэкIыжри, сыщыпсэуф еджапIэм куэдрэ пэжыжьэтэкъыми лъэсу сыкIуэжыну, жьы къабзэкIи сыбзуэну си мураду, Нэгуэмэ и уэрамым сыкъытехьащ.

ГЪУЭГУМ сыздрикIуэм, сызэрымышхари къысфIэмыIуэхужу, симыгъэпсэууэ си щхьэм щызеуэу итыр ехэну лекцэм зы псалъэуха гуэрым и уэхэкIэ хъунум, симыхабзэу, гугъу сызэрыщыдехьаРт. Пэжыр жыпIэнымэ, нэхъ сызыгъэгулэзыр абы зэманыфIкIэ сызэрелIалIам студентхэм гу зэрыпытаРт. Лекцэ къеджакIуэм гугъуехь пымыпIу, ар хэти зэрыгъэгъуэфкIыну я зыныкъуэхэм къафIэщI щхьэкIэ, ар тэмэмкъым. Апхуэдэхэм ящIэу къыщIэкIынкъым уи пащхьэ иц цIыху щ ныкъуэм махуэ къэс щIэ гуэр кхъуэзэIупхэн, уи гупсысэжэр гъахуэу, псалъэ щэрыуэжмкIэ къэпIуэтэн зэрыхуейр, уэзыни, зы мэскъалкIэ ущыуи зэрымыхъунур, къемызэгъэ гуэр къыбжьэдэлъэтмэ, уэрамым уэрэду уэзрыдахьэнур, уи щIыхьыр абы зэригъэлъэхьэнур.

СызыгъэпIейтей а гупсысэжэм саIэщIэлъу сыкъыздэкIуэжьм, а уэрамым тет етхуанэ еджапIэм сынэсыным куэд имыIэжу, сыплпъэмэ, сольагъу университетым къыщыздэлажьэ, си гъунэгъу, ауэ куэд щIауэ сызыхуэмыза Маржэнэт къысхуэкIуэу. ЗэрыблэзгъэкIыну лъэныкъуэм, фIэхьус зэресхыну щыкIэм сегупсысыху, ар къэсщ, си жьэр зэщIэсхыным сыхунимыгъэсу зыкъызэкъуихри, гужьгъэжь къыщIыхуиIэри къызыхихари сымыщIу: «Ан-на гущэ, Андемыркъан, иджыри ф1эс упсэу?» - жиIэри къызэщIащ.

А псалъэ жагъуэжэр апхуэдизу си гум ежэлIаги, си жьэр схуэзащIэмыхьу, сыумэзэхауэ тэлайкIэ сыщыстащ. Зы зэман зы къэсщIэжрэ си гум къыдрихьеяхэр жьсIэфыну къыщыщсщыхъум, зызоплъыхьри, цIыхубзыр бгъэтмэ къащта – ар фIыуэ спэIэщIэ хъуат. «СыльэщIыхьэу си зэзыр щхьэ тезмыкъутэрэ» жысIэу си гум къэкIат абдежым, ауэ сызыщIэгупсысыжщ, гъэгурыкIуэжр къыпщIолIпу бзылъхъугъэм утекIиеу уэрамым удэтыныр щIыхуэхъу напэм къызэремызэгъэшр тезгъакIуэри сыкIэлъыплъакъым, сымыгупщIыжкъым.

Къызэпэса хьэдэгъуэдахэм и щхьэусыгъуэр зэхэгъэкIыным си акъылыр сфIенэкъуэкъуами, сэ къысхуэгубзыгъыжакъым Маржэнэт е сыхуэпсэлъауэ, е къемызэгъэ хужьыСIауэ, е и жагъуэ сщIауэ, зыгъуэркIэ ямыгъэжжэкъуамэ. «Сыт а цIыхубзым сэ есщIар, дунейм сызэрытет къудейр къыщIехьэлъэкIыр, сымыпсэумэ нэхъ къыщIидщтэр? Хьэмэрэ, адыгэ анэм къипхуэ, игъэса бзыльхугъэм апхуэдэ гуемыIу цIыхухъум ирипсэныр тэмэм, цIыхубз щIыхьым езэгъэр? КъызжиIахэр зыгъэрурэ зыхуэзэгъэшэныт, и Iыхьлыжм яIэщIуэжжэгъуэжа, хъэдрыхэхуэплъэ хъуа лIыжь кхъахэ сыхъуамэ, дунейр къэзбгынэнэр зи хъуэпсапIэ щхьэлъащIэмрэ сэрэ зэрыдгъэхьышхуэ щымыIэу дызэмыныбжьытэмэ». А гупсысэхэр си щхьэм щыкIэрахъуэу си гъэгурэ пысщэжащ.

ГъащIэм цIыхум щиIэ къалэнхэм я инагъымрэ я зэхуэмыдэныгъэхэмрэ адыгэхэм пасэу гу лъатащ. Апхуэдэ зэхэщIыкI зэраIар егъэбелджьылы кIуэ щIауэ абыхэм къадэгъуэгурыкIэ «ЦIыху цIыху щIыжщ» зыкъыщIэжьым. ЛъакъуитIкIэ уву цIыхухэм япэ лъэбакъуэхэр ячу зэрыщIадзэрэ зэдэIэпыкъуу, зым адрейм зыщIигъакъуэу щымытамэ, гуапагъэрэ цIыхугъэрэ яхэлъу зэбгъэдэмытамэ, заужьыну къыщIэкIынтэкъым. Ауэ зэрыщIэгъэ, зэдэIэпыкъумэ нэхъ къаззрыхуэщхьэпэнур а зэман жь

Анэдэлъхубзэм и пщIэр яIэту



● Лэжьэкlэ пэрыт

Нарткъалэ дэт курыт школ №2-р (унафэщlыр Шыбзыхъуэ Иннэщ) хабжэ Аруан районым и еджапlэ нэхъыфlхэм. Щlэблэм щlэныгъэ куу зэрыщрагъэгъуэтым ыкьоплъэу, абы щогугъу ныбжьыщlэхэм лъэпкъ гъэсэныгъэ екlуи зэрыхалъхьэным. Абы и щыхьэтщ школым и егъэджакlуэхэри абыхэм я еджакlуэ цыкlуэри щlыпlэм, республикэм щекlуэкl жьыгъуэ lуэхуэхэм жьыджэру зэрыхэтыр, ехьулlэныгъэфlхэр зэрызыlэрагъэхьэр. Школым и егъэджакlуэхэм фlыуэ къагуроlуэ сабийр хэкупсэу, и анэдэлъхубзэм пщlэ хуищlу, ар lурылъу къэгъэтэджыныр лъэпкъ гъэсэныгъэкlэ дызэджэ унэтlыныгъэм и къалэн нэхъыщхьэу зэрыщытыр.

АПХУЭДЭ лэжьыгъэм и жэрдэмщакlуэу икlи зэхэублакlуэу щытыр, зэрыхабзэщи, анэдэлъхубзэмкlэ егъэджакlуэхэрщ. Ауэ, ди гуапэ зэрыхъущи, лъэпкъпсо мыхьэнэ зиlэ а lуэхур зэфlэхыным школым мыгъэму щогугъу нэгъуэщlу предметхэр езыгъэджэхэри. Абыхъм я щапхъэщ илъэс куэд лъандэрэ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ lэнатlэм пэрытхэу Мамхэгъ Маргаритэрэ Тэрчокъуэ Заирэрэ. Тхыдэр езыгъэдж а лэжьакlуэ пашэхэр йолlапlэ адыгэ махуэгъэпсым кьыщыгъэлъэгъуа дэтхэнэ зы махуэшхуэри гулъытэншэ зэрамыщlыным. Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлlэу Маргаритэрэ Заирэрэ ягъэхъзырат дерс зэlуха хьэлэмэт. «Адыгэхэм я къуалэбзу щlэныгъэр» фlэщыгъэр зиlа дерсым и хьэщlэ лъапlэхэт Адыгэ Республикэм и «Адыгэ Хасэ» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэт Бидэнокъуэ Нихьэт, Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым и щlэныгъэ лэжьакlуэхэу Хъуажь Фахърирэ Абаз Ибрахьимрэ.

Купщlафlэу, гъэщlэгъуэну, иджыпей технологие пэрытхэм я Iэмалхэри кьыщагъэсэбэлу зэхэгъэуват дерсыр. Абы и пэщlэдзэм Мамхэгъыр кlэщlу тепсэлъыхьащ анэдэлъхубзэм дэтхэнэ цыхьуми и гъащlэм щиубыду ybиlпlэм. «Адыгэхэми ди тхыдэ, зетхъэ хабзэхэр, адрейхэм дакьызэрыщхьыщкlи ди лъэпкъ нэщэнэхэр, гупсысэкlэмрэ псэукlэмрэ диlэжщ, дрипагэу, дригушхуэу, - къыикlыгъащ егъэджакlуэм. - А псори нэгъуэщlи лъэпкъхэм кьезыгъащlэр, абыхэм я деж нэхьыхьэсыр сыт жылIэмэ, ар ди адыгэбзэрщ, анэдэлъхуэу Тхьэшхуэр кьызэрыстхуэупса фlыгъуэ иныр щ».

Ди лъэпкъым и гущlэм уэзрыкlэлъэсыр анэдэлъхубзэр ахъумэжыну, абы зрагъэужьыну, Iумпэм ямыщlу ирипсэлъэну цыкlухэр кьыхураджащ Маргаритэрэ Заирэрэ. Адэкlэ абыхэм кьызэхуэсахэр щагъэгъуэзащ урокым лъабжьэ хуащlар филологие щlэныгъэхэм я кандидат, Къэрэшей-Шэрджэсым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкlэ и институтым и щlэныгъэ лэжьакlуэ нэхъыжь, КъШР-м щlыхь зиlэ и журналист Брат Хьэсин и «Адыгэхэм я къуалэбзу щlэныгъэр» тхылъ гъэщlэгъуэныр зэрыарар.

А къэхутэныгъэ хьэлэмэтыр зи къалэмыпlэм кьыпыкlами къуалэбзу зэмылlэужьыгъуэхэм ятеухуауэ абы кьыщыхьа тхыгъэхэми сурэтхэми шэщlауэ щы-тепсэлъыхьащ дерсым.

- Зи дэтхэнэ махуэми зэпlэзэрыту щыхьэт техъуэжа, акъыл гъэтlыпlъарэ гупсысэ зэтеубыдакlэ гъащlэм и дэтхэнэ упщlэми пэджэжьыфахэм ящыщу Брат Хьэсин. Мы адыгэлl щыпкъэм и макъ гъэтlысар хьыбар узынщэкlэ зэрымыха адыгэ унагъуэ щыlэу кьыщlэкlынкъым Къэрэшей-Шэрджэсым. Зи гъащlэр диктор нэсу, «адыгэ Левитанкlэ» зэджэу зыхъ Хьэсин ещlэ гъащlэм и пэжыгъэми, зэхэщlыкlми я мардэхэр, - жиlэрт Мамхэгъым, тхылъымрэ абы и авторымрэ дерсым щlэсхэм яригъэщlыхуу. - Хьэсин щlэныгъэшхуэ зыбгъэдэлъ, еджа цыхьуш. Ар и щхьэ и щыхькъым дунейм щlытету ильытат, атlэ зы гъащlэ гъэугуанэкlэ къызыхэкlахэм и сэбэп екlынращ. Лъэпкъ куэдым яlэу бгъуэтыну кьыщlэкlынкъым къуалэбзуэм ятеухуха абы и тхылъ бэлыхьым хуэдэ. Апхуэдэщ Братым и диссертацэ лэжьыгъэри. Ар теуухуащ адыгэ Iуэрыуатэм мафlэмрэ джатэмрэ я нагъыщэр къызэрыхэщыжым. Хэкупсэ нэсым и гъащlэр зыхуэгъэзар и лъэпкъым зиузэщlыным хуэлэжьэныращ.

Дерсыр нэхъ щlэщыгъуэж хъуащ, абы еджакlуэ цыкlуэхэр жьыджэру къыхьха нэужь. Абыхэм кьанэ щымыlэу зэпкърахащ Братым и тхылъ хьэлэмэтым ит псори. Лъэпкъым и тхыдэм, литературэм, Iуэрыуатэм, гъащlэм къыхэщыжу, лlэщыгъуэ куэдкlэ кьыдэгъуэгурыкlуа къуалэбзухэм я адыгэщlэхэр, абыхэм я сурэтхэр, я щытыкlэ хэхахэр - а псоми кьызыхуэтынщэу тепсэлъыхьащ еджакlуэхэр. Къуалэбзухэм ятеухуа хьыбархэр гупгупурэ гуэшат. Абыхэм ящlыгъут блыным кlэридзэ слайдхэм кьищ сурэтхэр.

Ныбжьыщlэхэр дерсым щызэпеащ къуалэбзухэм ятеухуа къуажэхьэмкlэ, псыншlэрыпсалъэхэмкlэ. Ахэр кьеджащ кlыгуугум, ныбгъуэм, бжэндэхъум, нэгъуэщlу бзухэми я цlэхэр кьызыхэщ усэ цыкlуэхэм. Къуалэбзухэм я гъащlэм теухуа видеороликхэри куэдым яфlэхьэлэмэтащ.

Щlэуэ кьащlаxэм я гугъу щащlыжым, сабийхэм кьыхагъэщащ страусыр мазхьшэбзуэр, пеликаныр жьэдзыуэу, тетеревыр мысырджэду, снегирыр бзупагуэу, фламингэр лъакъуацlэплъыфэу, иволгэр бжэндэхъуэгъуэжьу иджыри кьэс зэрамыщlар, апхуэдэуи ди анэдэлъхубзэм хуэдэу нэсу, кьызыхуэтынщэу гупсысэхэри Iуэхугъуэхэри кьызэрыпlуэтэфын нэгъуэщlу бзэ щымыlэу къаззэрыщыхьр.

Апхуэдэ сабий гупсысэхэр щlагъэбыдэжырт урис щlэныгъэлl Трубецкой Николай лlэщlыгъуитlым нэс и пэкlэ ди бзэм кьыхужиlа псалъэхэу Мамхэгъым дерсым кьыщlихьахэм: «А бзэм (адыгэбзэм) и макъэр апхуэдизкlэ тепъыджэщ, зэмыфэгъущи, жьыбгъэ зэрыфийр, пщlащэр зэрыщхьыщхьыр, псы уэрым и даущыр, щlыр зэрыбауэр, псым хэлъ мывэджейхэр зэрызэнтlэlыр, гур кьызэрелуэр, бзур зэрыбзэрабзэр зьыхьбощlэ, абы ирипсалъэу щызэхэпхкlэ. Ар щыхьэт зытехьуэр зыщ: адыгэбзэр хуэщlащ дунейм и къэхъугъэ псори кьырlуэтэныM».

Дерсым и кlэуэху псалъэ иратащ абы и хьэщlэ лъапlэхэм: Бидэнокъуэ Нихьэти, Хьуажь Фахъири, Абаз Ибрахьими жаIащ Брат Хьэсин и лэжьыгъэхэм адыгэ хэгъуэгуищми я щlэныгъэлlхэм я деж фыщlэ щхьэхуэ зэрыщагъэуэтыр. Апхуэдэу абыхэм зьыхьбощlэ, абы ирипсалъэу щызэхэпхкlэ. Ар щыхьэт зытехьуэр зыщ: адыгэбзэр хуэщlащ дунейм и къэхъугъэ псори кьырlуэтэныM